



PWOGRAM KONSILTASYON JE AK LINÈT GRATIS NAN LEKÒL

Chè paran oubyen responsab,

Òganizasyon ki rele Florida Heiken Children's Vision Program nan se yon òganizasyon ki regle pwoblèm je pou timoun. Li ofri konsiltasyon je konplè ak linèt si sa nesèsè, pou elèv ki nan lekòl leta nan zòn kote w rete a, si elèv yo kalifye pou yo patisipe nan pwogram nan. Pwogram sa a la gratis pou ou menm oubyen pou lekòl pitit ou.

Si pitit ou kapab patisipe lè nou fin tcheke sa, n ap voye yon fòmilè ba wou nan lekòl pitit ou; papye a ap gen non yon doktè ki patisipe nan pwogram nan, adrès li ak nimewo telefòn ni, pou w kab rele doktè a epi pran yon randevou avèk li. Doktè a pral resevwa menm papye a tou pou l kab gen enfòmasyon pitit ou nan dosye li. Lè yon lekòl gen 15 elèv oubyen plis pase 15 elèv ki kalifye, nou ka mete randevou pou bis nou genyen pou fè konsiltasyon mobil pou je a pase nan lekòl pitit ou pou nou kab konsilte je elèv yo.

Konsiltasyon je total kapital la, se yon doktè je k ap fè li. Nan konsiltasyon an doktè a ap fè yon egzamen konplè pou wè si pitit ou wè byen epi pou wè si je li an sante. Pou doktè a kab fè egzamen je a, li sèvi ak gout yo lage nan je pou dilate nwa je a. Sa pèmèt doktè a jwenn enfòmasyon ki pi egzak sou eta sante je pitit ou epi pou preskripsyon linèt, depi sa ta nan avantaj pitit ou. Gout yo san danje pou moun sèvi ak yo, e sa pa rive souvan pou gout yo lakòz lòt dezagreman. Apre konsiltasyon an, sa nòmal pou je yon moun pa ka louvri nèt lè li yon kote ki gen twòp klète, epi sa nòmal pou yon moun wè twoub; e bagay sa yo ap dire jiska 4 èdtan, 6 èdtan apre egzamen an.

Pou pitit ou ka patisipe nan pwogram GRATIS sa a, tanpri ranpli tout pati nan fòmilè nou voye ba wou ansanm ak lèt la, siyen anba papye a epi fè pitit ou pote l tounen bay enfimye lekòl la oubyen bay konseye lekòl la.

Pa bliye: Piske 85% nan sa yon timoun wè, sa l konprann ak sa li sonje, depann de sistèm je li, se yon obligasyon pou tout timoun gen bon je kòm kado pou yo kapab gen siksè lekòl ak nan avni yo. Ane pase, prèske 80% timoun nou te konsilte yo te bezwen linèt. Pitit ou ka bezwen linèt!

Si w gen kenenpòt kesyon, ou te mèt kontakte konseye lekòl pitit ou oubyen kontakte biwo santral Heiken nan nimewo (305) 856-9830 oubyen 1-888-996-9847.

601 Southwest 8th Avenue, Miami, FL 33130
Telefòn: (305)856-9830/ 1(888)996-9847 Faks: (305)856-9840/ 1(888)980-8474
www.miamilighthouse.org/floridaheikenprogram.asp



Pwogram konsiltasyon je ak linèt gratis nan lekòl

For School Personnel Use Only: Pati sa a se pou anplwaye lekòl sèvi sèlman:

County: _____
 Mandatory Two Vision Screening Fail Dates: Fail Date #1 _____ Fail Date #2 _____
 (Fail Dates Must Be Within Same School Year)
 Is the Student on the Free or Reduced Lunch Program? Circle One: YES NO
 Signature: _____ Date: _____

Lekòl (non an nèt) _____ Klas _____ Pwofesè _____

Non elèv la _____ Gason / Fi Dat elèv la fèt _____

Adrès _____ Vil _____ Zipkòd _____

Telefòn kay _____ Telefòn paran an lajounen _____

Non paran/Responsab timoun nan _____ Imel li _____

Ras (Fè yon sèl wonn): Ameriken nwa Azyatik Panyòl Ameriken natif natal Blan (Pa panyòl) Lòt ras

Èske pitit ou pote linèt? Wi _____ Non _____ Li Kraze _____ Li pèdi _____

Èke pitit ou te al kay doktè je ane pase? Wi _____ Non _____

Tanpri make tout pwobèm je pitit ou genyen: _____

Tanpri make tout pwoblèm sante pitit ou genyen: _____

Tanpri make tout remèd oubyen tout gout je pitit ou ap sèvi: _____

Tanpri make tout alèji sezon oubyen alèji remèd pitit ou genyen: _____

Èske pitit ou bezwen swen espesyal oubyen 1 an reta nan devlopman l? Wi _____ Non _____

Èske pitit ou bezwen èd oksilyè (tankou entèprèt, moun ki pale ak siy, bagay pou ede l wè, Bray) Wi _____ Non _____

Si w reponn Wi oswa si li bezwen lòt èd, tanpri esplik sa : _____

Èske **pitit** ou janm gen youn nan bagay sa yo:

Èske **pitit** ou gen fanmi ki janm gen youn nan bagay sa yo:

WI NON

- Operasyon / Chòk nan je
- Je vire / Je vèwon / Je lanvè
- Terapi nan je / Kach je
- Glokòm
- Maladi sik
- Anemi falsifòm
- Opresyon
- Tèt fè mal
- Lòt maladi

WI NON

- Je vire / Je vèwon / Je lanvè
- Avèg
- Dejeneresans makilè
- Glokòm
- Tansyon
- Maladi sik
- Anemi falsifòm
- Lòt maladi

Bay esplikasyon pou nenpòt repons "WI" pi wo la a: _____

Konsantman pou egzamen je –Lè m siyen pi ba la a, se otorizasyon mwen bay pou pitit mwen fè konsiltasyon je total kapital ak tout dilate je li, sa ki pèmèt doktè a fè yon egzamen je konplè.

Avi sou jan nou sèvi ak enfòmasyon prive –Lè m siyen pi ba la a, mwen konnen òganizasyon Florida Heiken Children's Vision Program genyen Avi sou jan li sèvi ak enfòmasyon prive moun; avi sa a disponib pou mwen li l si m rele nan nimewo telefòn (305)856-9830 oubyen 1(888)996-9847 pou m mande yon kopi.

Echanj enfòmasyonale vini – Lè m siyen pi ba la a, se otorizasyon mwen bay pou òganizasyon Florida Heiken Children's Vision Program ak lekòl leta kote pitit mwen ale a voye enfòmasyon youn bay lòt, pou yo voye tout rapò medikal optometrik yo genyen sou pitit mwen bay doktè ki patisipe nan pwogram nan.

Reklamasyon – Si pitit ou gen asirans, nou ka enfòm w epi nou ka voye ba w yon lis doktè nan zòn nan ki asepte asirans lan.

*Mwen/Nou wete tout chay sou do Biwo Edikasyon Konnti a (County School Board) ak tout responsablite tout domaj finansyèl pou tout chòk ak blesi oubyen pou tout reklamasyon poutèt patisipasyon nou nan pwogram Florida Heiken Children's Vision Program nan akòz aksidan oubyen mal chans ki ta rive akòz patisipasyon pitit mwen/timoun ki sou kont mwen nan pwogram nan.

Èske pitit ou gen asirans maladi: W/N Konpayi: _____ Èske pitit ou gen asirans pou swen je: W/N

Èske elèv la nan pwogram manje midi gratis oswa pou pri redwi? Fè yon sèl wonn: WI NON

PARAN AN/RESPONSAB LA SIYEN _____

Dat: _____

Òganizasyon Florida Heiken Children's Vision Program se yon òganizasyon k ap travay pou tout moun epi li pa fè diskriminasyon kont moun ki fè demann ki kalifye, nan koze ras, koulè po, relijyon, ki fanmi yo soti, nan koze laj, si yo se fi oubyen gason, eta sivil yo, ki peyi yo soti, si yo gen andikap oubyen si yo se anyen militè.

Lè nou fin ranpli fòm nan, tanpri voye l pa faks ak pape faks lekòl elèv la nan nimewo (305)856-9840 / 1(888)980-8474